



Règleman Entèn Rezo Pwogram Anivèsè (REPA-UNEHD)

Tit 1 : Dat Kreyasyon -Nati- Objektif

Atik 1-Dat Kreyasyon ak Nati Rezo a.

1.1 Rezo Pwogram Anivèsè UNEDH (REPA-UNEHD) la kreye jou ki te 27 Desanm 2020 epi li te lanse jou ki te 1^{er} janvier 2023. **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** la se yon gwoup Zanmi, Fanmi ak Kòlèg ki mete tèt yo ansanm ,pa mwayen kotizasyon, pou rive selebre anivèsè youn ak lòt.

1.2-Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD pa yon sòl, ni yon òganizasyon sosyal, ni yon Mityèl non plis. Li se yon Rezo Solidarite nan mitan Ayisyen/Ayisyèn ki ap viv nan peyi entènasyonal kou nasyonal ki chwazi selebre anivèsè youn ak lòt nan lespri Pataj, Jwa ak Solidarite.

1.3- Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD se yon aktivite Antrèd sosyal ak echanj ki kapab fèt sou plizyè fòm tankou : yon fòm senbolik ki genyen pataj foto, flè, souwè ak ve. Li kapab pran yon fòm ekonomik kote manb yo mete yon fon kotizasyon pou sa pou distribye a chak manb lè anivèsè yo rive.

1.4. Selebrasyon pwogram anivèsè a se yon Mouvmman volontè li ye. Sepandan, yon manb dwe chwazi, pou li pa rete endiferan, fòm li plis renmen an, ki kapab byen mache ak sitiasyon li, pou rive fè echanj kado ak yon lòt manb lè anivèsè li.

Atik 2- Objektif Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD .

Objektif Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD) se:

- Devlope Lespri Solidarite ak pataj nan lanmou youn pou lòt.
- Transfòme pataj senbolik jwa ak kado anivèsè a tounen yon reyalyte pa mwayen kotizasyon mnab yo chak mwa
- Reyalize viv ansanm nan pa mwayen yon selebrasyon anyèl nan lajwa kote tout manb **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD)** ap rankontre youn ak lòt.

Tit 2- Kondisyon pou vini Manb

Atik 3- Kondisyon pou yon Moun vini Manb Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD

Pou yon moun vini manb **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** la (**REPA-UNEHD**), men kondisyon pou li ranpli :

- Moun nan dwe genyen referans yon manb ki deja fè pati **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** la.
- Moun nan dwe ranpli yon fòmilè ki ba li dwa pou sa.
- Manb la dwe bay **\$100 us** kòm kotizasyon chak anivèsè, swa 48 èd tan avan fèt yon manb k'ap fete nan **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** la (**REPA-UNEHD**).

- Manb Fetan UNEDH la dwe fè yon videyo oubyen ekri yon Mesaj tèks ki genyen foto li ladan li, yon fason pou li prezante li ak tout kominote a 2 jou avan dat anivèsè li a rive.
- Manb Fetan UNEDH la dwe retounen remèsiman ak nou tout ki nan Kominote a sou fòm Videyo oubyen Mesaj tèks pou ve, souwè ak kado li te resevwa jou sa. Jès rekonesans sa a kapab fèt menm jou a oubyen 2 jou aprè selon disponibilite Manb fetan an.
- Siyen Fòmilè adezyon an ak Ak Angajman an .

Tit 3- Administrasyon Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD (REPA-UNEHD)

Atik 4- Komite Jesyon ak Konpozisyon Rezo Pwogram Anivèsè.

Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la ap jere pa mwayen yon Komite ki genyen non : Komite Jesyon ak **Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)**. KOJESA a genyen sèt (7) manb tèt li ki se :

- Prezidan.
- Sekretè Jeneral.
- Vis Sekretè
- Trezorye
- Pòt Pawòl
- Konseye Teknik 1
- Konseye Teknik 2

Atik 5- Atribisyon Komite Jesyon ak Selebrasyon Anivèsè (KOJESA).

- Planifye selebrasyon anyèl tout manb **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** yo.
- Prepare bidjè mansyèl ak anyèl **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** yo a pati kotizasyon Manb yo.
- Distribiye montan ak chak manb lè anivèsè yo rive.
- Distribiye ak chak manb bidjè mansyèl ak anyèl anivèsè tout manb yo.
- Retire penalite lè genyen reta
- Pran taks 10% pou reyalize selebrasyon anyèl la.
- Prezante rapò resèt sou kolèk fon kotizasyon ak distribisyon montan, dediksyon taks ak sanksyon sou reta epi depans pou selebrasyon anyèl manb yo.
- Fè manb yo apwouve **Règleman Entèn Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** la .
- Amande **Règleman Entèn Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** la sou demand manb yo.

Atik 6- Fonksyon Manb nan KOJESA.

1. Prezidan.

- Konvoke reyinyon pou planifye aktivite anyèl ak bidjè Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la.
- Anime reyinyon KOJESA ak delibere sou desizyon Komite a ap pran.
- Otorize depans sou lajan kotizasyon manb Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la.
- Otorize entegrasyon nouvo manb nan Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD.
- Siyen pwochè vèbal reyinyon ak tout dosye administrasyon, jesyon KOJESA yo.

2. Sekretè Jeneral.

- Asiste prezidan an nan reyinyon li yo kòm moun ki ap distribiye la pawòl.
- Redije pwochè vèbal reyinyon yo.

- Resevwa dosye nouvo manb ak kominike yo bay Prezidan an.
- Fè mesaj rapèl ak tout fetan mwa yo epi sou dwa kotizasyon yo.
- Konsève tout achiv KOJESA a genyen.
- Siyen ak Prezidan an **Pwosè vèbal reyinyon** yo ak tout dosye administratif KOJESA yo.

3. Vis Sekretè

- Vis Sekretè a genyen memn atribisyon ak Sekretè Jeneral la.
- Akonpaye Sekretè Jeneral la nan tach li genyen pou li akonpli.
- Ranplase otomatikman Sekretè Jeneral la lè li absan oubyen sou delegasyon pouvwa li ba li

4. Trezorye.

- Prepare bidjè kotizasyon mansyèl ak anyèl manb Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD yo.
- Prepare bidjè selebrasyon anyèl manb Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la .
- Resevwa montan kotizasyon manb yo.
- Dedwi taks obligatwa ak penalite sou reta pèman kotizasyon manb yo.
- Prezante rapò kotizasyon mansyèl manb yo ak rapò depans aktivite selebrasyon anyèl **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD**.
- Siyen avèk **Prezidan** an, Rapò depans mansyèl ak anyèl **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD**.

5. Pòt Pawòl.

- Repezante Prezidan an ak Sekretè jeneral la pou pote mesaj nan bouch oubyen ekri.
- Asiste Sekretè jeneral la nan divès fòm kominikasyon li yo.
- Pran la pawòl an piblik nan non Komite Jesyon ak Selebrasyon Anivèsè (KOJESA).
- Dirije la pawòl tankou Mèt seremoni lè genyen selebrasyon anyèl Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD.

6. Konseye Teknik yo.

- Bay konsèy teknik sou tout desizyon KOJESA ap pran nan non Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD .
- Veye sou bon jesyon KOJESA epi fè rekòmandasyon sou fay ki genyen.
- Fè pwopozisyon pou pote amelyorasyon ak chanjman nan dokiman administratif ak teknik yo
- Jwe wòl abit lè genyen bouch louvri swa ant manb KOJESA oubyen ant KOJESA ak rès Manb Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD.

Atik 7- Chwa Manb Komite -Modalite reyinyon ak Priz desizyon.

7.1- Chwa manb pou monte **KOJESA** a ap fèt sou baz yon vòt tout manb **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** yo ki reponn ak kritè nou jwen nan atik 8 la . Majorite manb Rezo Pwogram UNEHD la ap apwouve chwa Manb KOJESA yo pa mwayen yon vòt piblik inanim (**wi ou non**).

7.2- Eleksyon pou renouvle oubyen eli yon lòt komite nan KOJESA ap fèt chak dezyèm (2^{èm}) lane , nan jou ki ap dènye dimanch mwa novanm lan. Prezantasyon Nouvo Manb nan Komite a ap fèt dènye dimanch mwa Desanm ki femen ane finansyè Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la.

Atik 8- Kritè pou chwazi yon Manb nan tèt KOJESA

Genyen 5 kritè yon Manb dwe satisfè pou li rive nan Tèt Komite Jesyon ak Selebrasyon KOJESA:

1. Manb la dwe referans plizyè moun
2. Manb la dwe genyen lespri ak kapasite pou'l travay an ekip
3. Manb la dwe montre li genyen disiplin, sans angajman ak responsablite
4. Manb la dwe genyen konpetans pou pòs li vle okipe a
5. Manb la dwe genyen eksperyans nan zafè Òganizasyon ekonomik oubyen Pwofesyonèl li ap egzèse elatriye.

Atik 9- Dire manda KOJESA

Dire manda **KOJESA** a se pou 2 lane. Sepandan, **Manb Komite yo kapab chanje si Manb Rezo Pwogram Anivèsè a pa satisfè de travay yo fè oubyen si yo te genyen vye konpòtman ki pa te fè rès manb yo plezi.**

Atik 10- Frekans reyinyon KOJESA

KOJESA ap genyen pou li reyini **nan peryòd genyen yon manb ki ap fete anivèsè li.** Konvokasyon sa a ap fèt **48 èd tan davans.** Men pou sa ki konsène selebrasyon anyèl la, **reyinyon sa a kapab fèt nenpòt lè sou konvokasyon Prezidan KOJESA a.**

Atik 11- Dire reyinyon ak Mòd desizyon

11.1- Dire reyinyon sa yo ak objektif yo **ap presize nan nòt konvokasyon an.** Tout desizyon ki ap pran dwe majoritè sa vle di majorite manb ki prezan yo dwe dakò pou li adopte.

11.2- Desizyon sou aktivite selebrasyon anyèl la dwe pran nan yon **Asanble** ki reyini tout manb yo. Se **KOJESA** ki ap prezide rankont sa a **twa (3) mwa avan dat la rive.**

Atik 12- Otorizasyon dekesman

Trezorye Komite Jesyon ak Anivèsè UNEHD la ap genyen pou li fè dekesman aprè li fini jwenn otorizasyon rès Komite jesyon an. Nan ka kontrè, tranzaksyon sa a pap angaje komite a.

Tit 4- Administrasyon Kotizasyon Manb yo- Penalite ak Sanksyon

Atik 13- Montan kotizasyon.

Montan kotizasyon chak manb **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** la se **100 us li ye jan sa ekri nan atik 3, alineya 3 nan kondisyon pou vini manb yo.**

Atik 14- Mwayen pou bay kotizasyon ak resevwa montan selebrasyon anivèsè.

Men mwayen yon manb ka bay kotizasyon li a ak resevwa montan pou li selebre anivèsè li :

- Platfòm finansyèl elektwonik yo (**zelle, Cash app, paypal elatriye**).
- Biwo transfè yo (**tout taks ap sou kont manb la**)

- Lajan Kach (lè sa manb la ap ranpli yon fich pou sa).

Atik 15- Sanksyon pou Manb ki bay kotizasyon yo an reta.

Si yon Manb ta bay kotizasyon li a an reta, swa pou yon rezon ou pou yon lòt, **li ap genyen 50 dola chak jou pou li mete sou kotizasyon li genyen pou li bay la. Sanksyon sa ap aplike sou chak reta yon anivèsè.**

Atik 16- Prèy kotizasyon ak penalite.

Chak fwa yon manb ap bay kotizasyon li a oubyen li ap peye penalite 50 dola reta pou jou a, **manb la dwe pataje foto tranzaksyon an ak non manb la ladan li, avèk yon manb komite a.**

Atik 17- Prèy Kotizasyon yon manb pou yon lòt manb /oubyen pèman penalite pou yon lòt manb ki an reta.

Yon manb kapab bay **kotizasyon ak reta 50 dola chak jou a, pou yon lòt manb.** Nan ka sa, se **manb ki bay kotizasyon pou li a ki dwe pataje foto tranzaksyon an ak non manb la , ak yon manb komite a.**

Atik 18- Kondisyon pou yon manb resevwa Montan kotizasyon Manb fetan an pou li.

Yon lòt manb oubyen lòt moun, kapab resevwa kotizasyon manb ki ap fete a. Pou sa rive fèt, **manb la dwe bay otorizasyon li ak Administrasyon an pou sa.** Nan ka kontrè, **kotizasyon manb la ap rete nan kès Administrasyon an jiskaske manb la disponib.**

Atik 19- Taks 10% sou chak Montan selebrasyon Anivèsè yon Manb.

19.1- Administrasyon an ap retire **10% sou chak montan anivèsè yon manb.** Montan kotizasyon **taks 10% sa a ap sèvi pou nou fè yon gwo selebrasyon (Fèt fen dane, Retwouvay, Gala) pou tout manb Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD** nan finisman lane a soti peryòd 22 pou rive 30 Desanm.

19.2- Chwa youn nan aktivite pou selebrasyon fèt fen dane a ap reyalize pa mwayen yon vòt majoritè. Kontni youn nan aktivite sa yo, kote li ap fèt la ak jou a egzakteman, se **KOJESA a ki ap kominike li ak tout manb yo.**

19.3- Si ta genyen gwo anpèchman, tankou mò sibat youn nan manb nou yo, Ou byen Gro Nèj ,Tònad siclòn ki ta anpeche selebrasyon Fèt fen dane a pa fèt, montan 10% kite konsakre pou reyalizasyon Selebrasyon an ap rete pou menm evènman an nan yon lòt dat ki se dezyèm semèn mwa Jiyèt. Nan ka kontrè 10% kotizasyon an ap rete nan kès pou lòt ane.

Atik 20- Taks 2% sou chak Montan selebrasyon Anivèsè yon Manb.

Sou chak manb ki ap fete, pou avansman pwogram anivèsè a, **Administrasyon an ap retire 2% sou montan yo ap resevwa a pou peye telefòn, sèvis entènèt, jesyon sit wèb la ak Ranfòsman Enstitisyonèl.**

Tit 5- Retrè yon Manb nan Rezo Pwogram Anivèsè.

Atik 21- Sanksyon sou reta Dèt kotizasyon ak Penalite 50 dola- Ka anivèsè Manb la ak referans manb li ki pase.

21.1- Si yon manb ta dwe kotizasyon ak 50 dola reta a, lè dat anivèsè manb sa a rive, Administrasyon a p'ap ba li kotizasyon manb li. Administrasyon an ap remèt li kotizasyon manb li a nan finisman lane a aprè tout manb fini fete. Manb la ap rete sou fowòm nan men li p'ap kapab patisipe nan pwochen anivèsè yo.

21.2- Si fèt referans manb la ak fèt manb la ta gentan pase, manb la ta dwe montan kotizasyon ak penalite 50 dola reta a, lè sa a, Administrasyon an ap retire manb la nan Pwogram Anivèsè a nan finisman lane a. Aprè sa, se referans manb la ki ap reskonsab pou li bay kotizasyon ak 50 dola reta manb la.

21.3- Yon manb se referans yon lòt a pati yon lane. Pou tout lòt ane ki ap vini yo, manb la ap reskonsab tout chay li yo.

Atik 22- Konsiderasyon sou yon Manb ki mouri.

Si yon manb ta mouri sa vle di li pa egziste ankò anndan **REPA-UNEHD**, epi li te gentan pran kotizasyon pa li a, tout manb yo ap mete ansanm pou yo fini kotizasyon pa li a pou rès anivèsè ki rete yo. Anplis, si manb la potko jwenn kotizasyon pa li a, Administrasyon an ap retire sou tout kotizasyon manb ki potko fete yo, pou fè montan pa li a. Komite ap remèt rès kotizasyon an ak yon fanmi pwòch manb defen an.

Atik 23- Konpòtman inapwopriye yon manb.

Yon manb ki vyole atik nan règleman entèn yo oubyen ki ta genyen nenpòt konpòtman ki pa apwopriye, **KOJESA** a ap konvoke manb la nan yon reyinyon ekstraòdinè pou tranche sou ka li a

Tit 6- Dispozisyon final

Atik 24- Frekans pou Amandman.

24.1- Si genyen nesosite pou sa, atik nan règleman entèn sa kapab modifye pou pèmèt **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la** adapte avèk tan an epi bezwen manb li yo.

24.2- Chanjman yon atik oubyen ajoute lòt atik ap fèt nan fen lane tout swit aprè selebrasyon anyèl Manb **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la**. Se **KOJESA** a ki ap genyen responsablite pou fè sa.

Atik 25- Kondisyon pou aplikasyon règleman sa yo.

Pou tout règleman sa yo antre an aplikasyon, **Komite Jesyon ak Selebrasyon Anivèsè (KOJESA)** dwe mete sou pye. Paske se li menm ki ap genyen pou veye ak aplike tout desizyon sa yo jan sa ekri nan atik 5 Règleman entèn **Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la**.

Atik 26- Jesyon konfli Manb UNEHD ak KOJESA

26.1-Tout manb **REPA UNEHD** yo dwe bay anpil enpòtans ak aplikasyon atik 10,14,15,16,17 jan sa ekri nan Règleman Entèn nan san chache jwenn pretèks pou jistifye kwakseswa.

26.2- Nan ka yon manb ta vyole yon atik kelkonk nan Pwotokòl la li siyen an, epi li pa rive jwenn yon antant avèk komite Jesyon **UNEHD** la, Komite a ap genyen pou reyini an Asanble general avèk tout manb yo pou jwenn yon solisyon. Si okenn desizyon pa rive rezoud pwoblèm lan, se Jij ki nan tribunal nan eta kote **UNEHD** anrejistre a ki ap genyen pou li tranche definitivman.

Atik 27- Apwobasyon Règleman entèn Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD.

Tout ansyen ak nouvo manb dwe resevwa Règleman Entèn Rezo Pwogram Anivèsè UNEHD la pou yo konnen sa ki ladan li, apwouve li, respekte epi mete an aplikasyon tout atik ki ladan yo. Apwobasyon an se yon ak angajman. Pou sa rive fèt, **manb la ap siyen yon kopi nan Règleman entèn nan** epi retounen li bay **KOJESA** pou anrejistreman ak konsèvasyon.

Mwen, **Mesye/Madam** _____, mwen siyen paske mwen dakò ak tout atik nan Règleman Entèn nan.

Fèt nan dat ki te _____